

Kantik devanjou

El cántico de la aurora

Frantz Dominique Batrville (Haití)

Profesor de Literatura



¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!

*Es esa voz
que escucho
cuando el despertador no suena
cuando el gallo todavía no ha cantado
cuando la sombra del alba
espera que el sol
abra todas las puertas de luz*

*Tal vez dormí
dormía el sueño
Tal vez caminé
caminaba
en el jardín del rocío*

*A veces el sueño me engaña
El sueño discute con mi fuerza
El sueño embarra mis ojos con tela de araña*

*¡El sueño, sí!
Resisto al sueño que me aprieta
Preparo el agua
para lavarme los ojos
La tinaja de mi agua
está llena hasta el borde*

¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!

*Con ese grito
acabé de despertar
Podrías creer que es un pajarito
Podrías suponer
que es el canto del gallo de las cuatro
o del gallo de las cinco
Me dijiste que es la campana
que oyes sonar sin parar
¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!*

Li jou! Li jou!

Se vwa sa-a
Mwen tande
Lò revèy la pa sonnen
Lò kòk la poko chante
Lò lonbray devanjou
Ap tann solèy
Louvri tout pòt limyè

Se kapab dòmi
Mwen tal dòmi nan rèv
Se kapab mache
Mwen tap mache
Nan jaden lawouze

Dòmi konn tronpe m
Dòmi plede ak souf mwen
Dòmi bade zye m
Ak fil arenyen
Dòmi wi!

Mwen refize dòmi peze-m
Mwen pare dlo
Pou m lave je m
Kannari dlo m
Plen rababouch

Li jou! Li jou!

Se ak rèl sa-a
Mwen reveye talè a
Ou ta kwé se pipirit
Ou ta vle sipoze
Se chante kòk katrè
Ousnon kòk sinkè
Ou te di m se klòch la
Ou tande ap sonnen san rete

Li jou! Li jou!

Lawouze mèt taye banda
Nan tout jwenti wòch
sou denyè kalite zèb
Nan touf flè
Se lonbray solèy
Kap balanse
Reveye ou!
Se Bonnanj mwen m'tande

Eko vwa -m kap
Fann syèl la
Rèl mwen gaye
Tankou katafal etwal
Gran-m dimaten

Leve! Li jou!

Se konsa m'reveye
Lò swadizan mèt
Ap ronfle nan kabann
Lè timoun ap repase leson
Lò sant kafe griye
Ap benyen anndan chanb mwen
Leve! Li jou!

Annafè ak solèy
Pa kapab dòmi
Zanmi douvanjou
Reveye m'ak pliziè rèl

Rèl pa m bay solèy
Direksyon pou klere
Kolonn foumi kap kouri
Pou pye pa pile yo
Pou bòt antrav
Pa depoze sou yo

Leve! Li jou!

Yon vwa pase bo kote-m
Ou ta di lanwi

*El rocío puede bailar rumba
en los nudillos de las rocas
debajo de todas las hierbas
en los manojos de las flores
La sombra del sol
bambolea
¡Despiertas!
Oígo la razón*

*El eco de mi voz
se estrella en el cielo
Mi grito se esparce
como muchísimas estrellas
temprano en la mañana
¡Levántate! ¡Llegó la mañana!*

*Así despierto
cuando los supuestos amos
están roncando en sus camas
cuando los niños están estudiando sus lecciones
cuando el olor del café tostado
inunda mi cuarto
¡Levántate! ¡Llegó la mañana!*

*Metido con el sol
no se puede dormir
Amigo de la aurora despiértame con
gritos*

*Mi grito acerca el sol
para iluminar
una columna de hormigas corriendo
para evitar que un pie
que una bota pesada
las aplaste*

*¡Levántate! ¡Llegó la mañana!
Una voz me roza*

*Tal vez es la noche
apresurada
para dejar pasar el sol*

*En apenas quince minutos
los cubos van a bailar
en algunas fuentes
en manantiales casi desbordadas
las zanjas amenazadas*

*Después de lavarme los ojos
con siete jarritos de agua
tú puedes apostar: hay agua*

*El agua es la compañera de la vendedora
Entre el agua y la lavadora de ropa no hay bronca*

*Entre el agua y la cocinera
no hay alteración*

*Ves la espuma del jabón
Está enjuagando mi plato
Cada sol con espuma de arcoiris ilumina la luz
delante de mi casa*

*¡Después se derrite!
Y de vez en cuando rehago el arcoiris
¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!*

*Un gallo canta..
Otro responde!
Es la mañana*

*Estoy durmiendo con un ojo abierto
para no verme a mí
transformado en zombi
en un batey de Santo Domingo*

*Un ojo abierto
para vigilar las olas del mar*

Kap mache prese
 Pou bay solèy pase
 Annik yon ti kadè
 Bokit pral danse
 Devan de twa fontèn Sous prèt
 pou pete
 Traka pou kanivo
 Depi-m lave je m
 Ak sèt gode dlo
 Ou mèt parye gen dlo
 Dlo se konpayèl machann
 Dlo ak lesivyè
 Pa janm nan kont
 Dlo ak kizinyè
 Koupe fache
 Kim savon ou wè a
 Se asyèt mwen ki ap rense
 Chak solèy ak kim lakansyèl
 Konn limen limyè
 Nan papòt kay mwen
 Aprè sa li fonn!
 Tanzantan mwen refè lakansyèl

Li jou! Li jou!
 Yon kòk chante...
 Yon lòt reponn li!
 Se devanjou li ye
 M ap domi yon je louvri
 Pou m pa wè-m
 Tounen zonbi
 Nan jaden kann Sen Domeng
 Yon je louvri
 Pou m veye vag lanmè
 Pou m pase sou reken
 San-1 pa wè m
 Pou batiman-n travèsè
 Denyè pas dlo
 Ak tout kanal van
 Li jou! Li jou!
 Vwazinay repete-1
 Chak maten
 Nan zorèy mwen
 Van an ankò
 Konpoze chante pou solèy
 Li jou! Li jou!

Yon van frèt vle leve...
 Se tann m ap tann
 Yon ti van cho
 Van byen cho
 Tankou flann dife
 Mwen gen sektrè devanjou
 M ap kontinye kantik mwen
 Pètèt solèy kapab tande vwa-m
 Olye fenwa bare-m
 Ban mwen netwaye vè lanp
 Yon ti tan
 Pou m teste ampoul
 Kèk sekond pou m reveye
 Pou m reprann
 Refren kantik devanjou
 Li jou! Li jou!
 Solèy leve
 Leve solèy
 Se ou ki monkonpè nou
 Li jou! Li jou!
 Frè-m solèy leve non!
 Rèn solèy leve non!



*para vigilar los tiburones
 para que no me vean
 para que mi barco cruce
 todas las aguas
 y todos los vientos
 ¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!
 El vecindario lo repite
 cada mañana
 Susurra en mi oído
 otra vez el viento
 y compone un canto para el sol
 ¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!
 Un viento frío quiere soplar
 Espero yo
 un viento cálido
 un viento caliente
 como una llama de fuego
 Conozco el secreto del alba
 ¡Adelante con mi cántico!
 Tal vez el sol pueda oír mi voz
 Para que la oscuridad no se asombre
 limpiaré la bombilla
 un momento
 para verificar el bombillo
 Algunos segundos para despertar
 para retomar
 el estribillo del cántico de la aurora
 ¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!
 El sol se levanta
 Se levanta el sol
 El sol es nuestro compadre
 ¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!*

Se jou li vle jou
 Atò rèv mwen fè
 Preske fonn nan tèt mwen

Solèy devanjou gen lò anreta
 Epa syèl chaje sann dife
 Epa van pa simen pawòl
 Nan zorèy timoun
 Ak liv tou louvri
 Ak paj kaye neye ak lank

Li jou! Li jou

Lanwit tèlman long
 Nan chak rèl
 Mwen tandè lanwit
 Mwen koute vwa
 Vwa/Van/Limyè/Solèy

Solèy leve
 Si solèy pa leve deja
 Kote l'ap dòmi?
 Kote'l kache-a?
 Nan pla men-m
 Solèy ap boujounen

Li jou! Li jou!

TaKsi/Tap tap/Bis/Kannot

Li jou! Se jou li ye
 Vil mwen an ap reveye
 Yon parentèz ()
 Pou solèy klere
 Chak jaden rèv/mèyèy

Yon pakèt nwaj gonfle
 Lapli tanmen farinen
 Sa pou devanjou leve
 Yon lapli tèk tèk ap tonbe
 Yon ti toubouyon van ap vante

Solèy la, pa jann kouche
 Se pwomnad li fè
 Se kabicha l'ap kabicha
 Solèy isit bay lodians
 Gwo devanjou

Li pral fè klè
 Pipirit fèt sot chante
 Kòk yo chante ansamn
 Très van se zèl grandou
 Kap pase sou popye je mwen

Li jou! Li jou!
 Vwa m reponn byen lwen
 Li jou jou



*Levántate mi hermano, el sol
 Levántate la reina, el sol
 La mañana está llegando
 El sueño que tengo
 casi se derrite*

*El sol del alba demora
 El cielo está lleno de cenizas
 El viento no lleva palabras
 al oído de los niños
 con el libro abierto
 con la página del cuaderno ahogada en tinta*

¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!

*La noche es tan larga
 Con cada grito
 oigo la noche
 Escucho voces
 Voz/Viento/Luz/Sol*

*Se levanta el sol
 Si el sol todavía no se ha levantado
 ¿dónde está durmiendo?
 ¿dónde está escondido?
 En la palma de mi mano
 el sol crece*

¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!

Taxi/Tap Tap/Bus/Bote

*¡Llegó la mañana!: es la mañana
 Mi ciudad se despierta
 Un paréntesis ()
 para que el sol alumbre
 cada jardín de sueño/maravilla*

*Un montón de nubes se hinchan Empieza
 un chinchín de lluvia
 para que el alba se levante
 Una lluvia cae en chinchín
 Un torbellino de viento sopla*

*El sol no se pone nunca
 El da un paseo
 Dormita
 Aquí el sol hace chistes
 temprano, antes que llegue el alba*

*¡Aclarará!
 Acaba de cantar el pajarito
 Juntos cantan los gallos
 Las trenzas de aire son las alas del coronel
 que pasan debajo de mis párpados*

¡Llegó la mañana! ¡Llegó la mañana!

Mi voz responde de lejos

¡Llegó la mañana, la mañana!

Traductora: Anna Kovac

